

Konsèy sou Krim ak Delenkans Pennsylvania 3101 N. Front Street, Harrisburg, PA 17110
Pou plis enfòmasyon sou dwa adisyonèl viktim yo, tanpri kontakte swa avoka distri a ki nan jiridiksyon ou an
oswa Pwogram Sèvis Viktim PCCD nan 1-800-692-7292.

Viktim krim yo gen dwa sa yo:

Resewwa enfòmasyon debaz konsènan sèvis ki disponib pou viktim krim yo.

Pou enfòme w sou kék aksyon epi pwosedi enpòtan ki angaje nan sistèm jistis penal ak timoun konsènan dosye yo.
Sa a gen tout sa yo ladan li:

- Gen aksè ak enfòmasyon ki gen rapò ak si yo te arete oswa pibliye timoun lan aprè arrestasyon an epi si yo te depoze yon demann k ap temwanye sou delenkans.

- Enfòme imedyatman yon timoun sove nan sant detansyon avan jijman oswa etablisman abri pwovizwa epi yo arete timoun lan aprè.

- Gen aksè ak enfòmasyon ki gen rapò ak sibvansyon oswa refiz kosyon yon granmoun.

- Enfòme w imedyatman yon delenkan granmoun sove avan jijman an nan yon sant koreksyon lokal (penitansye) epi yo arete delenkan an aprè.

Yon mamn fanmi a **dwe** akonpanye w nan tout pwosedi penal ak pou timoun yo, yon defansè viktim lan oswa yon lòt moun k ap bay èd oswa sipò.

Nan ka ou enplike nan yon krim aksidan pèsònèl oswa vòl, pou soumèt kòmantè alavans nan biwo pwokirè a oswa biwo libète sou kondisyon pou timoun, jan sa awopriye nan sikontans yo nan ka a, sou diminisyon potansyèl oswa abandone tout akizasyon oswa chanje yon plent nan yon pwosedi kriminèl oswa delenkans oswa divèsyon tout ka a, ansanm ak yon ajisteman enfòmèl oswa arete konsantman.

Pou genyen opòtinite pou bay kòmantè alavans sou kondanasyon yon akize oswa disposizyon yon timoun ki se yon delenkan, pou mete soumisyon yon deklarasyon chòk sou viktim lan alekri ki detaye efè fizik, sikoljik ak ekonomik krim lan sou viktim lan ak fanmi viktim lan. Yo ta dwe mete deklarasyon alekri a nan tout rapò avan disposizyon oswa avan desizyon an yo li soumèt bay tribal la. Yon tribal ta dwe konsidere deklarasyon chòk viktim lan nan moman y ap detèmine disposizyon yon timoun oswa kondanasyon yon granmoun.

Pou gen avi epi bay kòmantè alavans sou yon rekòmandasyon penal kote akize a patisipe nan yon kan antrènman motivasyon.

Sou demann viktim yon krim aksidan pèsònèl, pou gen opòtinite pou yo soumèt kòmantè alekri oswa prezante temwayaj nan bouch nan yon dispozisyon verifikasiyon odyans, kote tribal la ta dwe konsidere kòmantè oswa temwanyak la nan moman I ap revize disposizyon timoun lan.

Pou retabli, nan mezi sa posib la, estati ekonomik atravè disposizyon restitisiyon, konpansasyon ak restitisiyon rapid pwopriete yo te anpare antanke prèv nan ka a nan moman pwokirè a ap fè jijman an prèv la pa nesesè pou pouswit la nan ka a.

Nan aksidan krim pèsònèl yo kote yo te kondane granmoun lan nan yon etablisman koreksyonèl **Eta a**, pou yo:

- Ba w opòtinite pou bay kòmantè alavans epi pou resewwa desizyon sou liberasyon aprè kondanasyon Eta a tankou liberasyon travay, konje, libète sou kondisyon, reabilitasyon oswa sant tretman kominotè.
- Ba w opòtinite pou yo resewwa avi epi bay kòmantè alavans sou yon rekòmandasyon kote Depatman Koreksyon yo te mande delenkan an pou li patisipe nan yon kan antrènman motivasyon.
- Enfòme w tousuit sou evazyon granmoun lan epi arrestasyon li an aprè.

Sou demann viktim lan nan yon aksidan krim pèsònèl, pou yo enfòme lafen jiridiksyon tribal la.

Pou genyen èd nan preparasyon, soumisyon epi fè swivi sou revandikasyon konpansasyon viktim krim lan nan biwo Sèvis Viktim yo.



Nan aksidan krim pèsònèl yo kote yo te kondane granmoun lan nan yon etablisman koreksyonèl **lokal**, pou yo:

- Resewwa avi sou dat liberasyon granmoun lan, tankou liberasyon travay, konje, libète sou kondisyon, liberasyon nan kan antrènman oswa sant tretman; ak
- Enfòme w tousuit evazyon granmoun lan epi arrestasyon li an aprè.

Si, sou demann viktim lan nan yon aksidan krim pèsònèl timoun lan fè, yo gen òdonans pou mete timoun lan nan yon etablisman plasman rezidansyèl, yon sant abri pwovizwa oswa yon sant detansyon, pou:

- Resewwa avi alavans sou dat liberasyon timoun lan, tankou otorizasyon tanporè pou kite kay la.
- Enfòme w tousuit evazyon timoun lan, tankou enkapasite pou retounen lakay apati yon otorizasyon tanporè pou kite kay la; epi enfòme w tousuit sou arrestasyon timoun lan ankò.

- Yo dwe bay avi sou transfè yon timoun yo te jije antanke delenkan nan yon etablisman plasman ki kontrè ak yon ansyen òdonans tribal oswa yon plan plasman apwoune nan yon odyans verifikasiyon epi pou gen opòtinite pou eksprime yon objeksyon alekri sou liberasyon an alavans oswa transfè timoun lan.

Pou resewwa avi liberasyon imeda yon granmoun sou kosyon, si granmoun lan gen yon òdonans pwoteksyon kont abi epi yo fèmen li nan yon etablisman koreksyon lokal pou yon yolasyon òdonans lan, oswa pou yon aksidan krim pèsònèl kont yon viktim òdonans lan pwoteje.

Pou resewwa avi si yon granmoun kondane nan yon sant sante mantal apati yon enstitisyon koreksyon Eta a epi avi liberasyon, transfè oswa evazyon granmoun lan nan yon sant sante mantal lan.

Pou enfòme w sou detay disposizyon final dosye yon timoun.

Dwa sou Legal Adisyonèl

Pou prezan nan egzekisyon yo a kondisyon yo te anrejistre viktim lan epi Defansè Viktim lan te fè chwa a, Biwo Defansè Viktim lan.

Pou prezan nan pwosè yo, tankou pwosè asasina, epi dwa pou yo pa mete w deyò nan jijman an si yo pral bay opinyon sou vèdik viktim lan.

Kesyon ki gen rapò ak Konpansasyon Viktim yo?

Kisa depans yo pa kouvrì?

Fon an pa pral ranhouse viktim yo pou:

- Doulè ak soufrans
- Byen yo vòlè oswa donmajé sof aparèy medikal ki pèdi pou rezon krim.

Kijan yo pral konsidere deklarasyon an?

Aprè yo fin verifye tout enfòmasyon ki gen demann lan yo pral enfòme si viktim/moun k ap fè reklamasyon an elijib pou konpansasyon. Kantite tan sa pran pou yo konsidere desizyon an varey nèt, selon konplikasyon ki gen nan reklamasyon an. Yo pral voye yon kopi desizyon an bay viktim lan/moun k ap fè reklamasyon an nan bwat postal li. Si yo rejte demann lan, yo pral eksplike viktim/moun k ap fè reklamasyon an, ansanm ak pwosedi apèl la.

Kisa k ap pase si lòt sous kapab peye pou depans yo?

Yo konsidere Fon Konpansasyon Viktim Krim yo antanke "moun ki peye nan dènye rekou a." Yo dwe itilize lòt sous yo **avan** yo konsidere peman.

Kisa lòt sous vle di?

Y ap redui peman yo pa kantite lajan nenpòt lòt sous. Yo gen men yo pa limite ak:
asirans sante oswa asirans lavi, prim pwosè sivil oswa asirans, Èd Medikal, Medicare, asirans andikap, Konpansasyon Travayè, oswa Sekirite Sosyal.

Èske yo dwe yon arrestasyon oswa kondanasyon agresè a avan yo peye konpansasyon an?

Non. Li pa nesesè pou yo angaje yon pousuit kont swadizan delenkan an pou yon plent yo te depoze. Sepandan, viktim lan/moun k ap fè reklamasyon an dwe kowopere ak lalwa nan ankèt ak pouswit penal delenkan an si yo te konnen enfòmasyon sa.

Kisa yon prim ijans ye?

Yo kapab konsidere nan sikontans espesyal yon prim ijans jiska \$1 500.

Èske Krim kont Machin a Motè/Bato elijib pou konpansasyon
Wi. Sa yo gen limit ak DUI, Agresyon Grav pandan DUI a, Omisid ki fèt ak Machin pandan DUI a, Frape epi Kouri ale, epi Omisid ki fèt ak Machin ak zak ki ta ka fòme yon krim ki gen rapò ak Kòd Kriminèl la, tankou mete an danje san prekosyon.

Kijan yo finanse pwogram lan?

Lejislasi Pennsylvania te adopte li nan lane 1976, Lwa sou Viktim Krim yo nan Pennsylvania (Pennsylvania Crime Victims Act) te kreye yon fon epi tabli kalifikasyon machaswiv pou bay kék avantaj pou viktim zak kriminèl yo. Fon sa a gen ladan li amann ak sanksyon yo enpoze bay moun yo kondane pou krim yo fè. Pagen okenn revni fiskal jeneral eta a yo itilize, kidonk, moun yo te kondane pou krim yo bay yon pwogram nan avantaj viktim yo sipò.

**Viktim yo
Konpansasyon
1-800-233-2339**